

BAB III

MÉTODE JEUNG TÉHNIK PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar dalapan hal nya éta *setting* panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

3.1. *Setting* Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan *setting* dibagi jadi tilu nya éta lokasi, subjék, jeung waktu.

3.1.1. Lokasi

Lokasi nya éta tempat lumangsungna kagiatan panalungtikan. Dina ieu panalungtikan lokasi anu dipilih nya éta SMA Yayasan Atikan Sunda (YAS) Bandung. Anapon alamatna nya éta di Jl. P. H. H. Mustapa No. 115 Telp./Fax. (022) 7102200 Bandung 40125.

3.1.2. Subjék Panalungtikan

Subjék panalungtikan nya éta pihak-pihak anu dijadikeun bahan pikeun ditalungtik dina hiji panalungtikan.

Dumasar kana pamadegan di luhur, mangka nu jadi subjék dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas XII-IPS.1 di SMA Yayasan Atikan Sunda (YAS) Bandung. Jumlahna nya éta 37 siswa kalawan rincian 15 siswa lalaki jeung 22 siswa awéwé.

3.1.3. Waktu

Kagiatan panalungtikan dilaksanakeun salila dua minggu. Dina ieu panalungtikan baris dilaksanakeun dua siklus nya éta siklus I jeung siklus II. Anapon rincian jadwalna saperti tabel ieu di handap.

Tabel 3.1
Waktu Panalungtikan

No	Siklus	Poe, Tanggal
1	Siklus I	Salasa, 22 Januari 2013
2	Siklus II	Salasa, 29 Januari 2013

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta rarancang pikeun milih sumber-sumber jeung jenis informasi nu digunakeun pikeun méré jawaban tina rupa-rupa pananya dina panalungtikan. Lantaran métode nu digunakeun PTK mangka desain nu digunakeunana ogé desain PTK.

Nurutkeun Suharsini dina Mulyasa (2011: 10), ngabagi PTK kana tilu kecap nya éta penelitian, tindakan, jeung kelas.

Penelitian nya éta kagiatan pikeun ngamutolaah hiji objék kalawan ngagunakeun cara jeung métodologi nu tangtu pikeun meunangkeun data jeung informasi nu tangtuna bakal miboga mangpaat pikeun ngaronjatkeun mutu hiji hal.

Tindakan nya éta hiji kagiatan nu sangaja dilaksanakeun kalayan tujuan anu tangtu. Sedengkeun *kelas* nya éta sakelompok peserta didik dina waktu nu sarua tur narima pangajaran nu sarua ti guru nu sarua ogé.


Tina pedaran di luhur bisa dicendekkeun yén nu dimaksud Penelitian tindakan kelas (PTK) nya éta kagiatan nalungtik sakelompok peserta didik pikeun ngaronjatkeun mutu hiji hal ku cara ngayakeun prosés perlakuan. Hal ieu ogé luyu jeung pamadegan Mulyasa (2011: 11).

“Penelitian tindakan kelas merupakan suatu upaya untuk mencermati kegiatan belajar sekelompok peserta didik dengan memberikan sebuah tindakan (treatment) yang sengaja dimunculkan.”

Tujuan tina dilaksanakeunna PTK nya éta pikeun ngaropéa, ngaronjatkeun, jeung ngayakeun parobahan ka arah nu leuwih hadé minangka upaya pikeun

ngungkulan pasualan sarta nangtukeun modél jeung prosedur tindakan nu méré jaminan kana usaha ngungkulan pasualan nu sarua atawa méh sarua.

Saenyana modél nu digunakeun dina PTK téh loba pisan, tapi anu umum digunakeun nya éta modél Kemmis jeung Mc Taggart. Ieu model téh dibagankeun kawas ieu di handap.



Gambar 3.2. Bagan Léngkah-léngkah PTK

Saenyana dina modél Kemmis jeung Mc Taggart téh aya opat komponén penting nya éta rarancang, pelaksanaan, pengamatan, jeung refleksi.

Dina tahap rarancang disusun skénario tindakan atawa aksi pikeun ngaropéa, ngaronjatkeun, jeung ngarobah ka arah nu leuwih hadé. Ieu skénario téh ngawengku naon, kunaon, iraha, dimana, ku saha, jeung kumaha éta tindakan dilaksanakeun.

Tahap pelaksanaan mangrupa implementasi tina rarancang nu geus disusun. Dina ieu tahapan, kagiatan kudu dilaksanakeun kalawan enya-nya sangkan tujuan tina kagiatan bisa tinekanan.

Nurhayati, 2013

Ngalarapkeun Média Pangajaran Sketsa Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Éséy Siswa Kelas XII-IPS.1 Di SMA Yayasan Atikan Sunda (YAS) Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tahap pengamatan nya éta kagiatan nitéan dampak nu ditimbulkeun tina tindakan nu geus dilaksanakeun. Tina ieu kagiatan bisa méré jawaban ngeunaan hasil henteuna tindakan nu geus dilaksanakeun.

Réfleksi nya éta medar deui ngeunaan naon nu geus dilaksanakeun. Hal ieu dilaksanakeun pikeun mikaweruh kakurangan, kahéngkér, jeung kagagalan tindakan nu geus dilaksanakeun nu satuluyna bakal dijadikeun bahan pikeun nyusun rékoméndasi jeung saran-saran pikeun ngalaksanakeun siklus salanjutnya.

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina kagiatan panalungtikan pikeun meunangkeun data nu diperlukeun. Hal ieu luyu jeung pamadegan Arikunto (2006: 222), nu nyebutkeun yén “*metode observasi adalah suatu usaha sadar untuk mengumpulkan data secara sistematis, dengan prosedur yang terstandar.*”

Dumasar kana pamadegan di luhur, mangka méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode Penelitian Tindakan Kelas (PTK). Hal ieu dilantarankeun ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina hiji pangajaran.

3.4 Wangenan Operasional

Wangenan operasional miboga tujuan sangkan teu nimbulkeun kasalahan dina diri pamaca nalika nafsirkeun istilah-istilah nu patali jeung judul panalungtikan. Ku kituna, ieu istilah-istilah téh kudu dijelaskeun ku nu nalungtikna.

Sawatara Istilah nu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa diwincik saperti ieu di handap.

- 1) Média pangajaran nya éta alat-alat grafis, fotografis, atawa elektronis pikeun nyangking, memproses, jeung nyusun deui informasi visual atawa verbal.
- 2) Sketsa nya éta média pangajaran dina wangun gambar basajan atawa draf kasar nu bisa ngagambarkeun konsép-konsép atawa ide-ide piko nu baris ditepikeun ka siswa.
- 3) Éséy nya éta karangan pondok dina wangun lancar atawa prosa nu eusina medar perkara hiji pasualan nurutkeun pamanggih jeung pamadegan nu nulisna.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta alat anu digunakeun dina kagiatan panalungtikan pikeun meunangkeun data nu dipikabutuh. hal ieu luyu jeung pamadegan Arikunto (2006: 160).

Instrumen penelitian adalah alat atau fasilitas yang digunakan oleh peneliti dalam mengumpulkan data agar pekerjaannya lebih mudah dan hasilnya lebih baik, dalam arti lebih cermat, lengkap, dan sistematis sehingga lebih mudah diolah.

Instrumen nu digunakeun dina ieu panalungtikan disaluyukeun jeung métode nu digunakeun dina panalungtikan nya éta tés, jeung pedoman observasi.

1) Lambaran Observasi

Lambar observasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan aya tilu macem nya éta lambar observasi aktivitas guru, lambar observasi aktivitas siswa, jeung lambar catetan lapangan.

Lambar obsérvasi guru digunakeun pikeun nyatet kagiatan guru salila ngalaksanakeun prakték PTK. Ieu lambaran téh dieusian ku observer. Anapon wangunna saperti ieu di handap.

Tabel 3.3
Lambar Observasi Aktivitas Guru

Wasta Observer :

Poé, Ping :

Jam :

Standar Kompetensi :

Kompetensi Dasar :

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Koméntar
1.	<ul style="list-style-type: none"> • Ngabsén • Pengkondisian kelas • Nepikeun tujuan pangajaran 			
2.	<ul style="list-style-type: none"> • Nugaskeun siswa pikeun maca conto éséy • Nugaskeun siswa pikeun nulis karangan éséy • Nugaskeun siswa sangkan nukeurkeun éséyna jeung babaturan sabangkuna • Nugaskeun siswa pikeun saling ngoméntaran éséy nu ditulis ku babaturana 			
3.	<ul style="list-style-type: none"> • Nyindekeun matéri 			

	pangajaran • Nepikeun kagiatan satuluyna • Nutup pangajaran			
	Jumlah			
	Perséntase			

Katerangan: Béré tanda *chek list* (√) dina kolom ‘Ya’ lamun kagiatan dilaksanakeun atawa dina kolom ‘Tidak’ lamun kagiatan teu dilaksanakeun.

Catetan Observer :

.....

.....

Bandung, ... Januari 2013

Observer

Panalungtik

NIP/NIM.

NIP.

Teu béda jeung lambaran observasi guru, lambar aktivitas siswa ogé dieusian ku observer. Bédana dina lambar observasi aktivitas siswa mah dicatet ngeunaan kagiatan siswa salila lumangsungna kagiatan PTK. Anapon lambaranna saperti ieu di handap.

Tabel 3.4
Lambar Observasi Aktivitas Siswa

Wasta Observer :

Poé, Ping :

Jam :

Standar Kompetensi :

Kompetensi Dasar :

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Koméntar
1.	<ul style="list-style-type: none"> • Pengkondisian kelas 			
2.	<ul style="list-style-type: none"> • Maca conto karangan éséy • Nyusun raraga karangan • Nyieun karangan éséy 			
3.	<ul style="list-style-type: none"> • Nukeurkeun karangan éséyna jeung babaturan sabangkuna • Ngoméntaran éséy nu dijieun ku babaturan sabangkuna 			
	Jumlah			
	Perséntase			

Katerangan: Béré tanda *chek list* (√) dina kolom ‘Ya’ lamun kagiatan dilaksanakeun atawa dina kolom ‘Tidak’ lamun kagiatan teu dilaksanakeun.

Nurhayati, 2013

Ngalapkeun Média Pangajaran Sketsa Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Éséy Siswa Kelas XII-IPS.1 Di SMA Yayasan Atikan Sunda (YAS) Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Catetan Observer :.....

Bandung, ... Januari 2013

Observer,

Panalungtik,

 NIP/NIM.

 NIP.

Béda jeung lambar-lambar sateuacanna, lambar catetan bisa dieusian ku observer atawa ku guru nu ngalaksanakeun kagiatan PTK. Ieu di handap mangrupa lambar catetan lapangan nu digunakeun dina ieu panalungtikan.

Tabel 3.5
Lambar Catetan Lapangan

Wasta Observer :.....
 Poé, Ping :.....
 Jam :.....

Catetan Lapangan	Réfléksi jeung Analisis

Bandung, ... Januari 2013

Observer,


 NIP.

2) Tés

Instrumén tés nya éta instrumén nu eusina mangrupa soal-soal nu gunana pikeun ngukur pangaweruh atawa kaparigelan boh individu boh kelompok.

Instrumén tés nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés tulis. Ieu tés téh dilaksanakeun dua kali nya éta *pretest* jeung *posttest*.

Pretest digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis éséy saméméh dilaksanakeun refleksi atawa perlakuan, sedengkeun *posttest* digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis éséy sabada dilaksanakeunna kagiatan refleksi atawa perlakuan. ieu dihandap mangrupa soal-soal nu baris digunakeun dina instrumén tés.

Soal

- Pilih hiji jejer nu aya patalina jeung gambar di luhur!
- Tangtukeun judul tina éta raraga karaga karangan!
- Susun raraga karangan tina éta jejer!
- Jieun karangan ésay luyu jeung raraga karangan ku geus disusun ku hidep!

Gambar 3.6 Sketsa Kabanjiran

Sangkan karangan éséy nu dijieun luyu jeung aturan-aturan nu geus ditangtukeun, mangka format panulisanana kawas ieu di handap.

Lambar Format Panulisan Éséy

Wasta :.....

Kelas :

Bubuka.....

.....

.....

.....

.....

Eusi.....

.....

.....

.....

.....

Panutup.....

.....

.....

.....

.....

Gambar 3.7 Format Panulisan Éséy

Sangkan kamampuh siswa bisa diukur, mangka dipikabutuh patokan-patokan nu dijadikeun acuan dina méré pangajén. Éta potokan-patokan téh ditulis dina wangun tabél saperti ieu di handap.

Tabel 3.8

Format Penilaian

Ngaran Siswa :

Kelas :

No	Aspék nu diajén	Skala Penilaian					Bobot	Skor/ Ajén
		5	4	3	2	1		
1.	Pamilihan jejer karangan							
2.	Runtuyan sistematika raraga karangan							
3.	Kamampuh ngamekarkeun raraga karangan							
4.	Kasaluyuan antara eusi jeung jejer karangan							
5.	Pamilihan kecap atawa diksi							
Jumlah Skor/ Ajén								

Catetan :

- ✓ Bobot Ideal maksimal 25
- ✓ Skor Ideal maksimal 100

Rumus pikeun ngitung skor:

$$Skor = \frac{Bobot}{Bobot\ Ideal} \times Skor\ Ideal$$

3.6 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun kagiatan panalungtikan.

Anapon léngkah-léngkah tina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Réfléksi awal ngeunaan pangajaran nulis éséy nu geus diajarkeun.
- 2) Ngaidentifikasi pasual-pasualan nu timbul tina pangajaran nulis éséy.
- 3) Nangtukeun métode nu baris digunakeun dina panalungtikan.
- 4) Nangtukeun lobana tindakan nu baris dilaksanakeun dina panalungtikan.
- 5) Nangtukeun tahapan-tahapan dina unggal siklus nu ngawengku tahap rancangan, prak-prakan, pengamatan, jeung refleksi.
- 6) Nyieun Rencana Pelaksanaan Pangajaran (RPP) jeung silabus.
- 7) Nyieun instrumén pikeun masing-masing siklus.
- 8) Prak-prakan tindakan siklus I nu hasilna bakal dijadikeun bahan pikeun ngalaksanakeun siklus II.
- 9) Prak-prakan tindakan Siklus II.
- 10) Evaluasi.

3.7 Téhnik Ngumpulkeun Data

Prosedur pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ku cara dilaksanakeunna kagiatan tés jeung observasi.

Kagiatan tés dilaksanakeun pikeun mikaweruh tingkat kamampuh siswa dina pangajaran nulis éséy. Sedengkeun kagiatan observasi dilaksanakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan aktivitas jeung kréativitas siswa dina kagiatan pangajaran nulis éséy.

3.8. Analisis Data

Analisis data nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan ngawengku sababaraha tahap. Éta tahap-tahap téh saperti ieu di handap.

- 1) Ngawilah-wilah data luyu jeung focus masalah sangkan babari pikeun dianalisis.
- 2) Nafsirkeun data nu geus meunang ngawilah-wilah dina wangun pernyataan.
- 3) Nganalisis data anu mangrupa hasil tés nulis éséy siswa dina unggal tindakan. Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) pangajaran basa Sunda di SMA Yayasan Atikan Sunda (YAS) Bandung nya éta 75. Hartina nu nilaina kurang ti 75 mangka dianggap can tuntas.
- 4) Analisis kualitatif kana hasil observasi, eusina nya éta ngaronjat atawa henteu kamampuh siswa dina pangajaran nulis éséy.
- 5) Analisis kuantitatif kana data hasil tés tulis.